



Pou Piblikasyon Imedya: 1/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKTIVTE SANT OPERASYON IJANS POU LAKE EFFECT SNOW

Kondisyon vwal blan prevwa pou aswè a ak demen maten nan Lwès ak Sant New York

Gouvènè a ankouraje otomobilis nan zòn ki afekte yo pou pran prekosyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te aktive Sant Operasyon Ijans Eta New York kòm gwo bann nèt ap pote kondisyon vwayaj ki danjere ak gwo van nan Lwès ak Sant New York. Reprezantan yo ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans, Biwo Jesyon Ijans, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife, Depatman Transpòtasyon, Depatman Konsèvasyon Anviwonman, New York State Thruway, Lapolis Eta, Komisyon Sèvis Piblik ak Divizyon Militè ak Afè Naval te gen obligasyon pou rapòte l bay Sant Operasyon Ijans pou aktivasyon sa.

“Kòm anpil nèt kap tonbe ap kontinye frape Lwès ak Sant New York, eta ap pran tout efò ki nesèsè pou sipòte patnè lokal nou yo epi kenbe rezidan nou yo ansekirite,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Vwayaje nan zòn sa yo ap difisil epi danjere kòm kondisyon meteyo a ap deteryore, e mwen ankouraje tout moun ki dwe vwayaje pou planifye alavans epi kondwi avèk prekosyon.”

Depatman Transpòtasyon Eta New York gen 1,700 operatè ak sipèvizè nan rejyon ki afekte yo e yo pare pou reponn avèk 652 gwo kamyon charyo/ a benn, 72 kamyon charyo/ a benn mwayen, 150 chajè, 32 charyo remòkaj, 9 kamyon avèk charyo ansanm avèk resous adisyonèl jan sa nesèsè. Depatman Transpòtasyon gen plis pase 202,000 tòn wout sèl disponib.

New York State Thruway Authority te chanje resous adisyonèl nan Sant ak Lwès NY enkli plis anplwaye ak ekipman ki soti nan Albany ak Divizyon New York. Thruway a gen yon total 390 operatè ak sipèvizè kap jere tanperati ivè a nan rejyon Syracuse ak Buffalo, ansanm avèk 210 gwo ak mwayèn kamyon chas-nèt, 32 charyo a traksyon avan, 17 gwo souflez nèt ak 72,000 tòn sèl. Chif sa yo te gen ladan tou resous siplemantè NYSDOT kap ede sou Thruway a.

A midi jodia, Thruway Authority te anonse yon restriksyon sou yon long tandèm trelè traktè nan I-90 nan toulède direksyon yo apati sòti 31 (Utica – NY Routes 8 & 12 – I-790) a sòti 42 (Geneva – Lyons – NY Route 14). Restriksyon sa anvigè apati 7 p.m. aswè a, madi, 12 janvyè jiska 12 p.m., Mèkredi 13 Janvyè. Tout tandèm yo ta dwe itilize zòn pakin tandèm Thruway a pou dispèse konbinezon tandèm anvan ke yo rive nan sekasyon restriksyon nan I-90 la.

Chas-nèj yo vwayaje nan yon vitès 35 milalè pa èdtan, sa ki nan anpil ka pi ba pase limite ki afiche a nan fason pou asire ke sèl yo dispèse a rete nan liy kondwi yo e li pa dispèse andeyò wout la. Souvanfwa sou otowout ant eta, chas-nèj pral opere kòtakòt; se fason pi efikas ki gen mwens danje pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou. Otomobilis ak pyeton yo fèt tou pou sonje chofè chas-nèj yo gen yon distans vizyon ki limite, epi gwosè ak wotè chas-nèj la rann li difisil pou manevre epi kanpe touswit. Nèj kap vante soti dèyè chas la ka diminye anpil nan viziblité oubyen lakòz yon sityasyon “kap avegle w”. Chofè yo pa dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo se dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Depatman Transpòtasyon Eta New York bay yon sistèm konsèy vwayaj ki prezante rapò vwayaj nan tan reyèl e ou ka gen aksè lè w konpoze 511, sou entènèt nan www.511ny.org, oswa atravè yon aplikasyon telechajab smart phone. Sitwèb la prezante kat ki endike ki wout eta ki kouvri avèk nèj, kouvri avèk glas, mouye, sèk, oswa fèmen pou ede vwayajè yo detèmine si vwayaj konseye. Sistèm nan bay enfòmasyon nan moman n ap gade yo sou kondisyon nèj ak glas pou wout ant eta yo ak lòt wout ki gen anpil sikilasyon veyikil, jan operatè chas-nèj yo rapòte sa. Otomobilis yo ka enskri pou imèl TRANSAalert osijè kondisyon trafik Thruway a la. Nou ankouraje Vwayajè sou Thruway yo pou vizite www.Thruway.ny.gov pou jwenn dènye enfòmasyon nan moman y ap li yo. Pou w gade yon kat jeyografik entèaktif ki gen ladan kondisyon trafik Google pou Thruway ansanm avèk lòt wout yo nan Eta New York ak pi lwen, tanpri klike la.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou kondi san pwoblèm pandan sezon livè a:

- Pa janm swiv yon chas-nèj twò pre oswa pa eseye double youn. Sonje otowout ki devan chas-nèj la toujou kouvri avèk nèj;
- Ajiste vitès ou pou eta wout la, epi toujou kite yon distans sekirite avèk lòt veyikil yo;
- Pwograme tan anplis pou vwayaj pandan sezon livè a, epi pran pasyans pandan operasyon pou ranmase glas ak nèj;
- Mete nan tèt ou sifas pon yo glise, paske yo konjle pi vit pase sifas wout la;
- Siveye glas nwa, ki kapab difisil pou wè, men li fè eta wout yo vin glise lè tanperati asfat la anba tanperati pou konjelasyon;
- Toujou gen yon telefòn selilè nan men ou, si li posib, men pa voye tèks pandan w ap kondi; li ilegal pou kondi avèk distraksyon, epi sa ap menm vin pi danjere pandan evènman tanpèt yo;
- Pa janm soti anndan veyikil ou si zòn nan bloke avèk nèj;
- Mete materyèl pou ijans nan vwati ou, tankou sab, pèl, fize siyalizasyon, kab pou demaraj, kòd, gratwa, radyo pòtatif, flach, dra ak rad cho anplis;

- Fè yon moun ki responsab konnen kote w ale, wout ou gen entansyon fè, ak ki kantite tan sa ap pran w pou rive; epi
- Rete kam epi pa panike sizoka yon veyikil anpàn, aksidan, oswa si ou vin bloke nan nèj.

Chofè dwe gen atik pou ijans annapre yo nan machin yo:

- Flach ak pil rezèv
- Telefòn selilè chaje ak chajè machine
- Twous premye swen debaz
- Dra oubyen sak kouchaj
- Rad anplis, san bliye padesi, bòt, gan ak chosèt
- Gwatwa ak bwòs pabriz
- Ekstenktè dife
- Pèl
- Sab, sèl pou wout ak/oubyen lityè chat pou traksyon
- Chenn kawoutyou oubyen tapi traksyon
- Bwat zouti debaz, tankou pens, kle ak tounvis
- Kab remòkaj
- Kab demaraj
- Fize limyè/reflektè
- Rad ki gen gwo koulè (pou itilize kòm yon drapo)
- Kat wout yo

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans te rekòmande tou ke rezidan yo ta dwe prepare kay ansanm avèk fanmi yo pou move tan ivè. Sa a gen ladan stoke pwovizyon sizoka yon tanpèt nèj oswa pann kouran ta anpeche yo soti kite kay la. Tcheke vwazen granmoun ansanm avèk sila yo ki gen bezwen espesyal pou ka wè si yo bezwen èd. Ou ka jwenn konsèy anplis sou sekirite [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418